Dat yo Resevwa Paj yo Konplete nan men yon Ajans Eskteryè: _____

Estaf Ansèyman Prive (ann Anglè PIP) ak/oswa Dosye Teknisyen Konpòtman ki Kalifye (ann Anglè RBT)

ENSTRIKSYON YO:

1. Ou kapab enprime dosye sa a nan sit entènèt ESE a. Lekòl yo ta dwe voye nenpòt paran oswa *PIP/RBT yo* nan sit entènèt ESE a oswa PIP/RBT yo ki mande yon kopi dosye
2. Paran (yo)/Responsab legal (yo), PIP, ak/oswa RBT li epi ranpli paj 1 rive nan paj 10 dosye a. Estaf lekòl la pral ranpli paj 11 nan reyinyon paran ak *PIP a*.
3. Sonje bay tout dosye ki nan paj 10 yo anmenmtan ou soumèt rès dosye an.
4. Sonje mete inisyal non w anba tout paj yo.
5. Voye dosye a bay administratè lekòl pitit ou a.
6. Lè yo fin ranpli dosye PIP/RBT a epi yo fin bay tout dosye yo, ak revize Plan Konpòtman Prive a oswa Plan pou Swen (Private Behavior Plan or Plan of Care), estaf lekòl la pral kontakte PIP ak RBT a pou pwograme yon reyinyon pou diskite sou Akò Kominikasyon dosye PIP/RBT yo.
   - Apwobasyon dosye PIP/RBT yo pran apeprè 30 jou lè genyen lekòl epi dosye yo soumèt la te ranpli nèt.

Lwa Florid 2024

Tit XLVIII
KOD EDIKASYON *EARLY LEARNING*-20

Chapit 1003
EDIKASYON PIBLIK K-12

Gade Tout Chapit la

1003.572 Kolaborasyon estaf ansèyman piblik ak prive.-

(1) Jan yo itilize li nan seksyon sa a, tèm "estaf ansèyman prive" vle di:

(a) Moun ki sètifye dapre seksyon 393.17 oswa ki genyen lisans dapre chapit 490 oswa chapit 491 pou sèvis analiz konpòtman aplike jan sa defini nan seksyon 627.6686 ak 641.31098.

(b) Teknisyen konpòtman ki kalifye ki genyen yon sètifika parapwofesyonèl nan analiz konpòtman yo rekonèt nan tout peyi a epi ki pratike anba sipèvizyon moun ki dekri nan paragraf (a) nan asiste ak sipòte moun sa yo nan bay sèvis analiz konpòtman aplike. Pou bay sèvis anba seksyon sa a, yon Ajans ki dekri nan paragraf (a) dwe anplwaye yon teknisyen konpòtman ki kalifye.

(c) Patolojis pou timoun ki pa pale byen ki genyen lisans dapre seksyon 468.1185.

(d) Terapis okipasyonèl ki genyen lisans dapre pati III chapit 468.

(e) Terapis fizik ki genyen lisans dapre chapit 486.

(f) Sikològ ki genyen lisans dapre chapit 490.

(g) *Clinical social workers* ki genyen lisans dapre chapit 491.

(2) Kolaborasyon estaf ansèyman piblik ak prive a dwe fèt pou amelyore men pa pou ranplase responsablite distri lekòl la dapre Dekrè Lwa sou Edikasyon pou Moun ki genyen Andikap (Individuals with Disabilities Education Act (ann Angle IDEA). Lekòl la kòm ajans edikasyon lokal dwe bay sèvis terapi pou satisfè atant yo bay nan lwa ak règleman federal yo ak regilasyon ak lwa ak règleman eta a. Kolaborasyon estaf ansèyman piblik ak prive pral travay pou ankouraje pwogrè edikasyonèl epi ede elèv yo jwenn konpetans esansyèl, ki genyen ladan, men ki pa limite ak, preparasyon pou pouswit objektif nan edikasyon siperyè oswa travay. Lè sa aplikab, estaf ansèyman piblik ak prive dwe antreprann pwogram kolaboratif. Nou ankouraje kowòdinasyon sèvis ak plan ant yon lekòl piblik ak estaf ansèyman prive pou evite menm travay oswa konfli nan sèvis oswa plan.

(3) Estaf ansèyman prive paran yo anboche oswa bay kontra pou kolabore ak estaf ansèyman piblik yo dwe genyen pèmisyon pou obsève elèv la nan anviwònman edikasyonèl la, kolabore ak estaf ansèyman nan anviwònman edikasyonèl la, epi bay sèvis nan anviwònman edikasyonèl la dapre kondisyon sa yo:

(a) Estaf ansèyman piblik elèv la ak direktè lekòl la dakò pou lè ak kote a.

(b) Estaf ansèyman prive a satisfè egzijans seksyon 1012.32 or seksyon 1012.321.

Nan objektif pou aplike sou-seksyon sa a, yon distri lekòl pa kapab enpoze okenn egzijans ki depase egzijans ki espesifye nan sou-seksyon sa a oswa mande okenn frè.

(4)Pwovizyon pou estaf ansèyman prive yon paran pa reprezante yon renonsman dwa elèv la oswa paran an genyen pou yon edikasyon piblik gratis epi apwopriye dapre IDEA.

Istwa.—seksyon 5, ch. 2013-236; seksyon 21, ch. 2014-184; seksyon 1, ch. 2022-46; seksyon 1, ch. 2023-281.

APLIKASYON POU PÈMÈT ESTAF ANSÈYMAN PRIVE
NAN YON LOKAL DISTRI LEKÒL NAN REJYON PALM BEACH

Copyright © 1995-2024 The Florida Legislature • Privacy Statement • Contact Us

APLIKASYON POU PÈMÈT ESTAF ANSÈYMAN PRIVE
NAN YON LOKAL DISTRI LEKÒL NAN REJYON PALM BEACH

Paran (yo)/responsab (yo) elèv dwe ranpli:

Non Elèv la Anlèt detache _____ Lekòl Aktyèl _____

Klas Aktyèl _____ Dat Nesans _____ Elijiblite Prensipal _____

Mwen mande pou yo pèmèt *PIP/RBT* sa yo bay pitit mwen an sèvis (yo) ki endike anba la a:

☐ PIP ☐ RBT

☐ Konsiltasyon ☐ Obsèvasyon ☐ Ansèyman Dirèk

Non PIP/RBT Prive Anlèt detache _____ Adrès Ri (kote w rete) _____

Nimewo Telefòn _____ Vil, Eta, Kòd Postal _____

Adrès Imèl _____

Non Sipèvizè BCBA/BCaBA/BCBA-D Anlèt detache pou yon demand RBT _____ Adrès kote w rete _____

Nimewo Telefòn _____ Vil, Eta, Kòd Postal _____

Adrès Imèl _____

Yo egzije PIP a genyen sètifikasyon jan sa ekri nan lwa 1003.572. Non-PIP/RBT ki anwo a ak Sipèvizè Analis Konpòtman ki Sètifye, genyen kalifikasyon aktyèl pou bay sèvis analiz konpòtman.

Teknisyen Konpòtman ki Kalifye™ (RBT®) a se yon parapwofesyonèl nan analiz konpòtman ki pratike anba sipèvizyon pwòch ak kontinyèl yon BCaBA, BCBA, oswa BCBA-D. PIP/RBT a se responsab prensipal pou aplikasyon dirèk sèvis analiz konpòtman. PIP/RBT a pa prepare plan entèvansyon oswa evalyasyon. Se responsablite Sipèvizè Analis Konpòtman PIP/RBT a pou detèmine ki travay yon PIP/RBT kapab fè selon fonksyon oswa fòmasyon, eksperyans, ak konpetans li. Sipèvizè Analiz Konpòtman PIP/RBT a responsab pou travay PIP/RBT fè sou ka yo ap sipèvize yo.

APLIKASYON POU PÈMÈT ESTAF ANSÈYMAN PRIVE
NAN YON LOKAL DISTRI LEKÒL NAN REJYON PALM BEACH

_____

Non Elèv la Anlèt detache

Nou (paran (yo)/responsab (yo) elèv ki endike anwo a, Sipèvizè Analis Konpòtman an, PIP a ak/oswa RBT a) konprann moun ki bay sèvis yo oblije pou:

- Soumèt yon pake ranpli pou apwobasyon. Yo p ap travay sou pake a jiskaske li fin ranpli ak tout dosye obligatwa yo nan lis verifikasyon an. Pwosesis sa a kapab pran jiska 30 jou lekòl, lè genyen lekòl, epi li kapab egzije dosye adisyonèl jan administrasyon lekòl la detèmine sa. Demann pou dosye adisyonèl yo kapab pwolonje delè a.
- Konfòme ak Lwa Florid 1003.572 ki egzije sètifikasyon, lisans, ak sipèvizyon;
- Soumèt bay Distri Lekòl la yon tès verifikasyon anprent dijital sou depans moun ki mande aksè a. Tès la dwe fèt nan senk (5) dènye ane yo. Ou dwe jwenn otorizasyon pou PIP a oswa toude Sipèvizè Analis Konpòtman an ak PIP a anvan sèvis yo kòmanse;
- Aplike/Renouvle *badj vandè* pou toude Sipèvizè Analis Konpòtman ak PIP/RBT**. Chak Ajans Prive dwe dwe montre lekòl la yon badj vandè Distri Lekòl Palm Beach ki ajou lè y ap soumèt dosye PIP/RBT a**. PIP/RBT responsab pou bay lekòl la badj *vandè* ki ajou.
    - Badj vandè (yo) ap ekspire nan _____.Mwen konprann se responsablite mwen pou bay administratè lekòl la yon badj ki ajou. Si mwen pa fè sa, mwen konprann mwen p ap genyen dwa bay sèvis jiskaske mwen bay yon badj ki ajou.
- Soumèt prèv lisans/sètifika pou Sipèvizè Analis Konpòtman ak PIP/RBT ;
    - Lisans pwofesyonèl/Sètifikasyon (yo) ap ekspire nan_____. Mwen konprann se responsablite mwen pou bay administratè lekòl la sètifikasyon ajou. Si mwen pa fè sa, mwen konprann yo p ap pèmèt mwen bay sèvis jiskaske mwen bay sètifika ki ajou mwen an.
- Siyen Deklarasyon Konfidansyalite pou ane lekòl aktyèl la.
- Siyen Akò Kominikasyon pou ane lekòl aktyèl la.
- Sipèvize Analis Konpòtman elèv la fè yon obsèvasyon nan anviwònman edikasyon an anvan Teknisyen Konpòtman ki Kalifye a bay nenpòt sèvis nan lekòl la;
- Konfòme ak tout pwosedi lekòl yo bay elèv yo ki genyen ladan, men ki pa limite ak, konfòme ak pwosedi lekòl la konsènan pwoteksyon ak sekirite ki enkli antre nan lokal lekòl la atravè antre prensipal la, siyen antre ak soti chak fwa PIP/RBT a nan lokal lekòl la, epi respekte lè ak kote yo pwograme yo dwe bay sèvis yo.
- **Dakò nan okenn moman nenpòt PIP/RBT pa kapab itilize okenn entèvansyon fizik sou elèv nan nenpòt lokal lekòl la;**
- Patisipe nan pwosesis ki dekri nan Lis Verifikasyon Inisyasyon PIP/RBT anvan sèvis yo kòmanse; (Y ap ranpli yon kopi lis verifikasyon sa a ak estaf lekòl la);
- Bay administrasyon lekòl la yon orè pwovizwa alekri pou bay sèvis pandan jounen lekòl la omwen yon semèn anvan chak mwa kòmanse;
- Bay yon kopi plan swen prive/plan konpòtman prive ak seksyon ki aplikab yo mete aksan sou yo ki dwe aplike nan anviwònman edikasyonèl la ak yon plan pou diminye sèvis yo; epi,
- Bay yon kopi tout done yo kolekte nan lekòl ou te dakò ant lekòl la ak PIP a.

APLIKASYON POU PÈMÈT ESTAF ANSÈYMAN PRIVE
NAN YON LOKAL DISTRI LEKÒL NAN REJYON PALM BEACH

_____

Non Elèv la Anlèt detache

Kòm paran/responsab elèv ki endike anwo a, mwen konprann:

- Kolaborasyon ant estaf lekòl la ak PIP/RBT pa chanje responsablite Distri a pou bay elèv la yon edikasyon piblik gratis ki apwopriye dapre Dekrè Lwa Edikasyon pou Moun ki genyen Andikap ak lekòl la epi lekòl la poukont li ap kontinye responsab pou aplike Plan Edikasyon Endividyèl Elèv la, menmjan ak lòt plan ki genyen ladan, men ki pa limite ak, plan konpòtman ak sante;
- Ajans ansèyman piblik pitit mwen an ak direktè/tris lekòl la dwe dakò pou lè ak kote yo pral bay sèvis yo. Nan detèmine lè ak dat pou sèvis yo dwe bay, direktè/tris la dwe respekte akò negosyasyon kolektif pou anplwaye ansèyman yo. Yo kapab bay sèvis yo nan salklas pitit mwen an avèk pèmisyon direktè/tris la, direktè/tris la kapab deside si aktivite sa a pa pral deranje pwosesis edikasyon an ak/oswa lòt elèv yo. Si direktè/tris la okòmansman pèmèt PIP/RBT a pou bay sèvis nan salklas, direktè/tris la gendwa anile pèmisyon an si, nan yon dat pita, yo te detèmine sèvis yo ap deranje pwosesis edikasyon pou elèv yo site a ak/oswa lòt elèv nan salklas la. Y ap enfòme paran (yo)/responsab (yo) ak PIP/RBT yo alekri si yo pa pèmèt yo bay sèvis ankò nan lekòl la;
- Paran (yo)/responsab (yo) oblije siyen yon fòm pou otorize piblikasyon enfòmasyon chak ane pou estaf lekòl la, sipèvize analis konpòtman ak PIP/RBT kapab kominike konsènan sèvis yo;
- PIP/RBT prive pa kapab prezan pandan tès Leta/Distri a;
- PIP/RBT prive pa dwe janm aji nan plas pwofesè a oswa estaf Distri Lekòl la nan salklas la epi yo pap kite li poukont li ak elèv la pou bay sipèvizyon;
- PIP/RBT prive pa dwe janm entèvni ak lòt elèv nan lekòl la;
- PIP/RBT prive pa dwe janm pran okenn foto, anrejistreman odyo, oswa videyo pandan li nan salklas la;
- Si Sipèvize Analis Konpòtman /PIP/RBT a vyole nenpòt règleman ak/oswa pwosedi, administrasyon lekòl la kapab mande pou yo pa retounen nan kanpis lekòl la pou bay sèvis. Nan ka Sipèvize Analis Konpòtman an vyole yon règleman oswa yon pwosedi, PIP/RBT a pral tou retire privilèj yo;
- Paran (yo)/responsab (yo) pral fè lekòl la konnen imedyatman si sipèvizè analis konpòtman oswa PIP/RBT pap bay elèv la sèvis ankò epi Pake PIP/RBT sa a pa anvigè ankò. Si yon lòt PIP/RBT pral bay sèvis, paran (yo)responsab (yo)/PIP/RBT dwe ranpli epi soumèt yon nouvo pake bay lekòl la.
- Kèk objektif/pwotokòl ki apwopriye nan yon lòt anviwònman kapab pa aplikab nan yon lekòl;
- Si ekip IEP pitit ou a detèmine Ane Akademik Pwolonje (*Extended School Year, ESY*) nesesè pou pitit ou a resevwa FAPE, yo dwe etabli yon nouvo orè ak fòm otorizasyon pou PIP/RBT ak estaf nan lokal ESY a. Paran (yo)/responsab (yo) kapab chwazi pou bay yon kopi pake a nan sit ESY la pou akselere pwosesis la epi etabli yon orè pou kolaborasyon. Tanpri sonje dapre Lwa 1003.572, estaf ansèyman piblik elèv la ak direktè (tris) lekòl la dakò pou lè ak kote a;
- Nan ka pitit ou a transfere nan yon lòt lekòl nan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach, se responsablite paran (yo)/responsab (yo) pou voye yon kopi pake a bay nouvo lekòl la ak enfòmasyon pèmisyon ki resan. Pwofesè a ak administrasyon an ap bezwen revize epi dakò sou orè/kalandriye ki te an plas anvan an nan nouvo anviwònman an; epi,
- Fakti *Medicaid* Distri Lekòl la p ap genyen enpak sou Fakti *Medicaid* ajans prive a.
- Yo mande PIP/RBT pou suiv epi pratike etik pwofesyonèl. RBT Ethics Code (2.0)

APLIKASYON POU PÈMÈT ESTAF ANSÈYMAN PRIVE
NAN YON LOKAL DISTRI LEKÒL NAN REJYON PALM BEACH

_____

Non Elèv la Anlèt detache

Paran (yo)/responsab (yo) minè ki konsène (yo) ki siyen anba a ak PIP/RBT ki siyen anba a rekonèt PIP/RBT a pa yon anplwaye, ajan, oswa yon moun Distri Lekòl Rejyon Palm Beach (Komite Dirijan Lekòl) la deziyen. Paran (yo)/responsab (yo) minè ki konsène a (yo) ak PIP/RBT dakò anplis PIP/RBT ki siyen anba a pa atann travay ak Komite Dirijan Lekòl la. Paran (yo)/responsab (yo) ak PIP/RBT dakò PIP/RBT ki siyen anba a pa genyen okenn dwa oswa atann benefis, dwa, oswa pwoteksyon yon anplwaye Komite Dirijan Lekòl la, ki genyen ladan, men pa limite ak salè, asirans konpansasyon travayè, asirans sante, asirans pou andikap, benefis siplemantè, oswa nenpòt lòt benefis, dwa, oswa pwoteksyon yo bay anplwaye Komite Dirijan Lekòl la dapre kontra oswa lalwa.

Paran (yo)/responsab (yo) minè ki konsène a (yo) ak PIP/RBT a, nan fòm sa dakò epi rekonèt Komite Dirijan Lekòl la pa dwe nan okenn fason responsab pou okenn domaj kèlkeswa nati ki ta kapab rive oswa kontribiye materyèlman pa neglijans, maltrete, move zak, enpridans, zak entansyonèl, zak ki pa entansyonèl, oswa nenpòt lòt zak PIP/RBT a te siyen an. Anplis de sa, paran (yo)/responsab (yo) minè ki konsène a (yo), nan fòm sa a egzante Komite Dirijan Lekòl la konplètman pou nenpòt ak tout domaj kèlkeswa nati ki genyen rapò ak, ki te koze pa, oswa ki kontribye materyèlman nan neglijans dirèk oswa endirèk, maltrete, move zak, enpridans, zak entansyonèl, zak ki pa entansyonèl, oswa nenpòt lòt zak PIP/RBT a te siyen an. Egzanpsyon responsablite sa a genyen ladan espesyalman, men se pa sa sèlman, nenpòt ak tout reklamasyon konsènan sipèvizyon Komite Dirijan Lekòl la, direksyon, oswa moun ki kontwòle PIP/RBT ki siyen anba a, menmjan ak alokasyon PIP/RBT pou prezan nan pwopriyete Komite Dirijan Lekòl la oswa aji nan pwopriyete Komite Dirijan Lekòl la.

Paran (yo)/responsab (yo) minè ki konsène a (yo), Sipèvizè Analis Konpòtman an ak PIP/RBT a dakò epi rekonèt PIP/RBT ki siyen anba a dwe dedomaje, pwoteje, epi rekonèt Komite Dirijan Lekòl la pa koupab pou nenpòt ak tout domaj kèlkeswa nati ki ta kapab rive oswa kontribiye materyèlman pa neglijans, maltrete, move zak, enpridans, zak entansyonèl, zak ki pa entansyonèl, oswa nenpòt lòt zak PIP/RBT a te siyen. Nan ka Komite Dirijan Lekòl la fè nenpòt depans, frè legal, oswa pèt ki soti nan reklamasyon oswa jijman ki pa neglijans, maltrete, move zak, enpridans, zak entansyonèl, zak ki pa entansyonèl, oswa nenpòt lòt zak PIP/RBT a te siyen, apresa, PIP/RBT sa dakò pou ranbouse Komite Dirijan Lekòl la pou menm bagay la nan espas trant (30) jou apre Komite Dirijan Lekòl yo fin prezante depans, frè, oswa pèt sa yo bay PIP/RBT. PIP/RBT ki siyen anba a dakò pou ranbouse nenpòt ki kantite lajan nan peryòd trant (30) jou kontra a, yo pral aplike yon enterè chak mwa nan to ki deside nan jijman an vigè nan moman yo prezante pri, frè legal, oswa pèt bay PIP/RBT a.

Komite Dirijan Lekòl la rezève espesyalman nenpòt ak tout dwa, benefis, ak pwoteksyon Lwa Florid la bay li, kelkeswa se Lalwa, lwa administratif, règleman, lwa jeneral, oswa dwa ki baze sou koutim. Pwoteksyon sa yo espesyalman genyen ladan yo, men pa limite sèlman ak sa Seksyon 768.28, Lwa Florid yo, iminite souvren, ak nenpòt lòt presedan ki kontwole sa jirispridans bay. Paran (yo)/responsab (yo) minè ki konsène a (yo) ak PIP/RBT dakò ak dispozisyon ki nan akò sa a, ak aplikasyon nenpòt lwa ki enpòtan yo, dwe entèprete nan yon fason ki pi favorab pou Komite Dirijan Lekòl la, yon fason pou pwoteje, bay Komite Dirijan Lekòl la konpansasyon, ak egzanpsyon responsablite.

PIP/RBT ki siyen anba a dakò pou li resevwa yon konesans pratik, epi respekte tout règleman, règ, ak pwosedi Komite Dirijan Lekòl la pandan li prezan sou pwopriyete Komite Dirijan Lekòl la. PIP/RBT ki siyen anba anplis konprann nenpòt obsèvasyon, kolaborasyon, oswa pwovizyon sèvis prive anba akò sa a depann de konsantman direktè/tris lekòl ki aplikab la ak estaf ansèyman piblik konsènan lè ak kote.

Siyati Paran/Responsab legal	Non Paran/Responsab Anlèt detache	Dat
Siyati Paran /Responsab legal	Non Paran/Responsab Anlèt detache	Dat

APLIKASYON POU PÈMÈT ESTAF ANSÈYMAN PRIVE
NAN YON LOKAL DISTRI LEKÒL NAN REJYON PALM BEACH

_____
Non Elèv la Anlèt detache

Kòm yon Estaf Ansèyman Prive k ap bay elèv ki endike anwo a sèvis nan yon Lekòl Piblik Distri Rejyon Palm Beach, mwen rekonèt Distri a kreye epi konsève sèten enfòmasyon sou elèv Distri yo nan dosye pou mwen kapab jwenn aksè epi enfòmasyon sa a konfidansyèl epi Lwa 1974 sou Dwa Edikatif ak Vi Prive Fanmi (FERPA) (20 U.S. C. 1232g) pwoteje, ak/oswa Lwa sou Transparans ak Responsablite Asirans Sante (HIPAA) (45 CFR pati 160-164) ak règleman Distri ki genyen rapò, jan yo modifye detanzantan, kounye a ki disponib nan: https://go.boarddocs.com/fl/palmbeach/Board.nsf/Public#tab-policies .

Mwen rekonèt anplis, mwen ta kapab obsève ak/oswa tande konvèsasyon vèbal sou elèv Distri a ki konfidansyèl epi Lwa ak règleman yo site pi wo a pwoteje. Yo pa kapab divilge enfòmasyon konfidansyèl sa yo sof si elèv ki elijib oswa paran (yo)/responsab yo bay konsantman valab. Mwen dakò pou pwoteje dosye sa yo an konfòmite ak règleman FERPA, HIPAA, ak Distri a.

Mwen rekonèt mwen kapab kreye epi kenbe dosye ki konsène elèv ki endike anwo a epi dosye sa yo, mwen pataje ak Distri a, Distri a pral konsève epi pwoteje menm jan ak dosye Distri a kreye.

Mwen dakò mwen kapab kreye, resevwa nan men oswa nan non Distri a, oswa genyen aksè ak dosye oswa sistèm anrejistreman dosye ki anba FERPA ak/oswa HIPAA (kolektivman, "Dosye Konfidansyèl yo"). Mwen reprezante, garanti, epi mwen dakò mwen pral: (1) kenbe Dosye Konfidansyèl yo an tout konfidans epi mwen pap itilize oswa divilge Dosye Konfidansyèl yo eksepte nan ka (a) yo pèmèt oswa obligatwa pou elèv endividyèl sa a, (b) lalwa egzije sa, oswa (c) otreman Distri a otorize alekri; (2) pwoteje Dosye Konfidansyèl yo yon bon fason administratif, fizik ak teknik ki rezonab jan lalwa egzije sa; epi (3) kontinye kontwole operasyon li yo epi pran nenpòt ak tout aksyon ki nesesè pou asire Dosye Konfidansyèl yo pwoteje.

Nan limit lalwa pèmèt, anyen ki la a pa dwe entèprete kòm anpechman swa pou mwenmenm oswa Distri a pibliye enfòmasyon sa yo bay lòt la pou chak moun kapab ranpli responsablite respektif yo.

Mwen konprann yon vyolasyon Deklarasyon Konfidansyalite sa a pral konstitye rezon pou Distri a mete fen nan aksè mwen an, pou elèv ki endike anwo a ak/oswa nenpòt lòt elèv, nan lekòl elèv la.

_____ _____
Siyati Estaf Ansèyman Prive/Teknisyen Konpòtman ki Kalifye — Dat

_____
Non Estaf Ansèyman Prive/Teknisyen Konpòtman ki Kalifye Anlèt detache

_____ _____
Siyati Sipèvizè Analis Konpòtman — Dat

_____
Non Sipèvizè Analis Konpòtman Anlèt detache

APLIKASYON POU PÈMÈT ESTAF ANSÈYMAN PRIVE
NAN YON LOKAL DISTRI LEKÒL NAN REJYON PALM BEACH

Non Elèv la Anlèt detache

Kòm yon moun ki pa anplwaye Komite Dirijan Lekòl yo bay aksè nan salklas yon anplwaye Komite Dirijan Lekòl la, yo pral respekte direktiv sa yo pou kominikasyon pozitif ak anviwònman travay:

- PIP/RBT pa pral entèwonp ansèyman ak aprantisaj k ap fèt nan salklas la pwofesè a ak/oswa estaf sipò edikatif la ap bay;
- PIP/RBT a pral bay estaf ki nan salklas la nenpòt fidbak/sijesyon sou aplikasyon entèvansyon ak estrateji yo alekri oswa yo pral adrese yo nan moman yon konferans/kolaborasyon ki te fikse davans;
- Si PIP/RBT a genyen yon enkyetid konsènan estrateji konpòtman nan salklas la, PIP/RBT a dakò pou l prezante enkyetid yo bay Sipèvizè Analis Konpòtman an ki pral kolabore ak administrasyon lekòl la;
- PIP/RBT a pral kominike nenpòt chanjman ki fèt nan orè ki te deja apwouve/te dakò ak pwofesè salklas la. Si administrasyon an mande pou yo mete l nan kominikasyon sa a konsènan chanjman orè yo, PIP/RBT a ap konfòme li;
- PIP/RBT pa pral prezan pou okenn tès leta oswa distri a;
- PIP/RBT a dwe toujou mete badj (*Vendor Badge)* ki ajou toutan li nan lakou lekòl la;
- PIP/RBT pa pral entèvni ak okenn lòt elèv ki nan salklas la apa elèv yo idantifye anwo a;
- PIP/RBT pa pral responsab sipèvizyon elèv ki endike anwo a;
- PIP/RBT pral pataje yon kopi Plan Swen/Plan Entèvansyon Konpòtman ak nenpòt revizyon;
- PIP/RBT p ap kapab anrejistre vwa, fichye odyo, videyo oswa foto pandan li sou kanpis lekòl la; epi,
- PIP/RBT a pral pataje tout done ki kolekte nan lekòl la jan PIP/RBT ak lekòl la te dakò.

Siyati Estaf Ansèyman Prive/Teknisyen Konpòtman ki Kalifye — Dat

Non Estaf Ansèyman Prive/Teknisyen Konpòtman ki Kalifye Anlèt detache

Siyati Sipèvizè Analis Konpòtman — Dat

Non Sipèvizè Analis Konpòtman Anlèt detache

Siyati Direktè (tris) — Dat Yo te Resevwa Deklarasyon yo te Siyen

Non Direktè (tris)

APLIKASYON POU PÈMÈT ESTAF ANSÈYMAN PRIVE
NAN YON LOKAL DISTRI LEKÒL NAN REJYON PALM BEACH

Non Ajans Prive (PIP/RBT) a: _____

Non Elèv la: _____

POU PARAN (YO)/RESPONSAB (YO):

Siyati mwen anba a endike yon akò ak konpreyansyon sou dosye yo.

Inisyal paran/ responsab yo).	**Inisyal paran/ responsab yo).**	**Konfimasyon ak Akò**
		Mwen/Noumenm, paran (yo)/responsab (yo) elèv ki endike anwo a, konprann se Ajans Enstriksyon Piblik la ak administratè ki baze nan lekòl la ki detèmine desizyon konsènan orè pou sèvis nan lekòl la.
		Mwen/Nou konprann apwobasyon yo kapab pran jiska 30 jou apati dat estaf lekòl la resevwa tout dosye yo egzije yo.
		Mwen/Nou te bay estaf lekòl la yon Otorizasyon pou Pibliye Enfòmasyon pou ane lekòl aktyèl la.
		Mwen/Nou konprann yo kapab limite ak/ oswa sispann sèvis nan lekòl la nan bi pou asire yo pa entèwonp enstriksyon elèv yo.

Siyati paran/responsab legal	Non paran/responsab Anlèt detache	Dat
Siyati paran/responsab legal	Non paran/responsab Anlèt detache	Dat

POU PIP/RBT A:

Mwen pral aplike epi konfòme mwen ak tout kondisyon ki nan aplikasyon ki ranpli a.

Inisyal PIP	**Inisyal RBT**	**Konfimasyon ak Akò**
		Mwen/Noumenm, PIP/RBT pou elèv ki endike anwo a, konprann se Ajans Enstriksyon Piblik la ak administratè ki baze nan lekòl la ki detèmine desizyon konsènan orè pou sèvis nan lekòl la.
		Mwen/Nou konprann apwobasyon yo kapab pran jiska 30 jou apati dat estaf lekòl la resevwa tout dosye yo egzije yo.
		Mwen/Nou konprann yo kapab limite ak/ oswa sispann sèvis nan lekòl la nan bi pou asire yo pa entèwonp enstriksyon elèv yo.
		Mwen/Nou pral bay yon kopi done yo kolekte nan lekòl la.

Kòm yon Estaf Ansèyman Prive k ap bay elèv ki endike anwo a sèvis nan yon Lekòl Piblik Distri Rejyon Palm Beach, mwen

APLIKASYON POU PÈMÈT ESTAF ANSÈYMAN PRIVE
NAN YON LOKAL DISTRI LEKÒL NAN REJYON PALM BEACH

_____
Non Elèv la Anlèt detache

Mwen/Nou menm, paran (yo)/responsab (yo) elèv la, PIP a, ak PIP/RBT, te li enfòmasyon ki ladan epi dakò ak responsablite nou yo epi rekonèt seksyon Endemnizasyon nan akò sa a.

Nou konprann yo p ap travay sou akò sa a jiskaske yo fin ranpli tout fòm yo epi remèt yo bay direktè (tris) lekòl la.

___Sipèvizè PIP mwen an te soumèt sèlman yon Dosye PIP/RBT ranpli
___Aplikasyon (paj 1 a 10, ki genyen ladan tout siyati ak inisyal yo)
___Otorizasyon ki Siyen pou Pibliye Enfòmasyon/Fòm **PBSD 0313** - Piblikasyon oswa transfè enfòmasyon
___Akò Kont Kilpabilite**/PBSD 2496** (PIP/RBT)
___Dosye pou sètifikasyon ki aplikab pou tout PIP yo (si BCBA/RBT genyen toude Sipèvizè Analis Konpòtman ak Teknisyen Konpòtman ki Kalifye)
___Montre epi bay Distri Lekòl Rejyon Palm Beach yon kopi badj vandè yo mete nan tèt dosye a. Sa verifye moun nan te jwenn nan otorizasyon sekirite Nivo 2.
___Plan Konpòtman Prive oswa Plan pou Swen dwe genyen pwosedi ak estrateji yo dwe itilize pou aplike objektif ak seksyon ki aplikab yo make pou aplike nan anviwònman edikasyon an.
___ Atache dosye apwobasyon revizyon asirans *Risk Management* bay.

_____ _____
Siyati Paran (yo)/Responsab legal (yo) Dat

_____
Non Paran (yo)/Responsab legal (yo) Anlèt detache

_____ _____
Siyati Estaf Ansèyman Prive /Teknisyen Konpòtman ki Kalifye Dat

_____
Non Estaf Ansèyman Prive/Teknisyen Konpòtman ki Kalifye Anlèt detache

_____ _____
Siyati Sipèvizè Analis Konpòtman Dat

_____
Non Sipèvizè Analis Konpòtman Anlèt detache

FÒM KONFIMASYON PIP/RBT AK PARAN(YO)/RESPONSAB (YO)

TO BE COMPLETED BY SCHOOL STAFF ONLY (SE SELMAN ESTAF LEKÒL KI RANPLI LI)

_____ _____

Non Elèv la Anlèt detache Lekòl Aktyèl

Sipèvizè Analis Konpòtman an te fè yon obsèvasyon sou elèv la nan lekòl la.

Dat Obsèvasyon an_____

___ Sipèvizè Analis Konpòtman ak estaf lekòl la te revize IEP ak BIP Komite Dirijan Lekòl la (lè sa aplikab) ak plan konpòtman prive a.

___Estaf lekòl la te kolabore ak Moun ki bay Sipò pou Konpòtman pou asire BIP prive ak BIP ki baze nan lekòl yo (lè sa aplikab) yo mache ansanm epi yo pa antisipe okenn konfli ant plan yo.

___Nan ka ta genyen nenpòt entèvansyon sou plan konpòtman prive a ki pa kapab aplike nan lekòl la, Sipèvizè Analis Konpòtman an dakò pou pa pèmèt PIP/RBT aplike entèvansyon sa yo nan lekòl la.

___ Yo kreye yon sistèm pou echanj enfòmasyon ant PIP/RBT ak lekòl la. Estaf ki baze nan lekòl la ak PIP/RBT yo pral diskite sou sistèm yo dwe itilize ki pral: _____

____Revize pwosedi lekòl yo pou enkli pwotokòl sekirite lekòl.

___Yon manm Estaf SDPBC DWE prezan lè yon PIP/RBT ap bay sèvis.

____Dapre Lwa Florid 1003.572, direktè (tris) lekòl la ak estaf ansèyman piblik te dakò ak tan epi kote ki annapre yo pou PIP a ak/oswa PIP/RBT bay sèvis (Estaf ki baze nan lekòl dwe ranpli).

	lendi	**madi**	**Mèkredi**	**jedi**	**vandredi**
Lè					
Kote					

_____ _____ _____

Siyati Estaf Ansèyman Prive/Teknisyen Konpòtman ki Kalifye

Non Estaf Ansèyman Prive/Teknisyen Konpòtman ki Kalifye Anlèt detache

Dat

_____ _____ _____

Siyati Sipèvizè Analis Konpòtman

Non Sipèvizè Analis Konpòtman Anlèt detache

Dat

_____ _____ _____

Siyati Direktè (tris)

Non Direktè (tris)

Dat

DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH
INFORMATION TECHNOLOGY/RECORDS MANAGEMENT

PBSD 0313-Haitian Creole Version

Demann pou Pibliye oswa Transfere Enfòmasyon Elèv

Yo itilize fòm sa a pou fasilite piblikasyon oswa transfè enfòmasyon elèv bay moun ki otorize. Moun ki fè demann enfòmasyon oswa ki bay enfòmasyon yo dwe ranpli tout seksyon anba yo ki aplikab. Yon kopi lisans ou, Kat Idantite eta a, oswa lòt fòm idantifikasyon foto ki montre non w, dat nesans, ak siyati obligatwa. Yo p ap trete demann lan san idantifikasyon apwopriye.

# ID Elèv la (opsyonèl)	Non Elèv la	Inisyal Dezyèm Prenon	Siyati	Dat Nesans

Ansyen Non Elèv la (si li aplikab)	Non Paran/Responsab (si li aplikab)

Adrès Elèv la	City	Eta	Kòd Postal

Lekòl li te ye Avan (enkli lekòl matènèl)	Vil

Nivo Klas Ane sa a	Dènye Dat li te Patisipe

Demann pou: ☐ Piblikasyon Dosye Elèv ☐ Demann Pou Gade Dosye Elèv la

Ajans/Moun/Defansè			
Non Moun pou Kontakte	Nimewo Telefòn	Ekstansyon	Imèl Adrès

Adrès Lakay	Vil	Eta	Kòd Postal

Voye Dosye Bay (si adrès la diferan ak sa ki anwo a)			
Non Moun pou Kontakte	Nimewo Telefòn	Ekstansyon	Imèl Adrès

Adrès Lakay	Vil	Eta	Kòd Postal

Bay tout dosye edikasyon oswa chwazi enfòmasyon espesifik yo mande ki genyen rapò ak elèv ki endike anwo a.

☐ Edikasyon pou Elèv Espesyal/Seksyon 504/*Gifted* ☐ Transkrip ☐ Siveyans/Plan Sekirite ☐ Prezans/Absans
☐ Elèv k ap Aprann Anglè/*ESOL* ☐ Tès ☐ Dosye Medikal ☐ Tout

Lòt: _____

Mwen konprann objektif piblikasyon sa a se pou fasilite kominikasyon enfòmasyon elèv yo bay moun ki otorize. *The Family Educational Rights and Privacy Act (FERPA) of 1974 (* Lwa sou Dwa Edikatif ak Prive Fanmi) nan ane 1974, jan li te mande, pwoteje konfidansyalite dosye akademik, ak enfòmasyon sou elèv. Mwen konprann epi mwen dakò enfòmasyon sa a pa pral divilge bay nenpòt lòt moun ki pa enplike san konsantman paran an oswa elèv adilt.

Mwen otorize: ☐ Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la ☐ Lòt pou

☐ pibliye dosye pou elèv ki endike anwo a
☐ resevwa dosye edikatif yo te chwazi anwo a pou elèv ki endike anwo a
☐ diskite dosye oswa lòt enfòmasyon ki genyen konsène elèv

Piblikasyon sa a efektif apati: dat _____ jiska dat _____ oswa jiska fen ane lekòl la - nenpòt sa ki vini an premye.

_____ _____ _____
Ekri Non Paran/Responsab la Anlèt Detache *Siyati Paran/Responsab* *Dat*

_____ _____ _____
Ekri Non Elèv la Anlèt Detache *Siyati Elèv la si li genyen 18 An oswa Plis* *Dat*

The Department of Multicultural Education Haitian Creole Translation Team certifies that this is a true faithful translation of original document. (561) 434-8620-November 2024-CY24-1310

THE SCHOOL DISTRICT OF PALM BEACH COUNTY
RISK AND BENEFITS MANAGEMENT

Hold Harmless Agreement

The Hold Harmless Agreement spells out the insurance requirements for the Vendor/Concessionaire/Service Provider. Insurance is required for all events as described in the Special Event Risk Planning Guide regardless of dollar value of the event.

Vendor/Concessionaire/Service Provider Name	Contact Name	Contact Phone #	
Address	City	State	Zip Code

MINIMUM INSURANCE REQUIREMENTS

a. Commercial General Liability. Required $1,000,000 per occurrence, $2,000,000 aggregate. This policy shall cover the contractual liability assumed by Vendor/Concessionaire/Service Provider under the indemnification provision set forth in the agreement, and include Bodily Injury, Property Damage, Personal Injury. The School Board of Palm Beach County shall be endorsed as an additional insured to the policy.
b. Automobile Liability Insurance. Required only if you are providing transportation (e.g. limousine or bus service) or bringing automobiles onto District property at the event. $500,000 limit required. The School Board of Palm Beach County shall be endorsed as an additional insured to the policy.
c. Workers' Compensation Insurance. Required if you have employees engaged in the performance or work under this agreement.
d. Waiver of Subrogation – In the event of loss, damage or injury to the Vendor/Concessionaire/Service Provider and/or the Vendor's/Concessionaire's/Service Provider's property, the Consultant shall look solely to any insurance in its favor without making any claim against the School Board of Palm Beach County. The Vendor hereby waives any right of subrogation against the School Board of Palm Beach County, for loss, damage or injury within the scope of the Vendor's insurance, and on behalf of itself and its insurer, waives all such claims against the School Board of Palm Beach County. This waiver must be endorsed to the Commercial General Liability policy, Auto policy and Workers' Compensation policy where applicable.

A Certificate of Insurance showing policy limits, the additional Insured endorsement to the policy and waiver of subrogation MUST be submitted with your lease or contract.

The terms and conditions of this agreement shall apply with respect to Vendor's/Concessionaire's/Service Provider's operations for any school or ancillary buildings owned by the School Board of Palm Beach County.

NOTE: *Other insurance may be required depending on the nature of the work performed or the type and size of the scheduled event.*

HOLD HARMLESS

I/We _____ (name of the vendor/concessionaire/service provider) shall save, defend, indemnify, and hold harmless, the School Board of Palm Beach County, including all officers, directors, instructors, support staff and volunteers with respect to my/our liability for "bodily injury," "property damage" or "personal and advertising injury" caused by my/our acts or omissions for the acts or omissions of those acting on my/our behalf:

a. In the performance of my/our ongoing operations; or
b. In the sale or distribution of my/our products; or
c. In connection with my/our property or premises rented to you.
d. In following, all requirements found in the School Board of Palm Beach County's lease agreement.

_____ _____
Signature of Vendor, Concessionaire, or Service Provider *Date*

NOTE: *Failure of Vendor/Concessionaire/Service Provider to keep the required insurance policies in full force and effect during the work covered by this agreement shall constitute a breach of agreement. In the event of a breach, the School Board of Palm Beach County shall have the right but not the duty to procure insurance covering the vendor for the period of this agreement. The School Board of Palm Beach County will deduct the cost of this insurance from the proceeds due to the Vendor/Concessionaire/Service Provider.*